



Glosè

Glosè sa a ki trè fasil ka sèvi kòm yon referans pou kèk nan vokabilè ki pi enpòtan yo, pou kèk fonksyon ak sèten tèm matematik. Plizyè nan definisyon yo vini ak yon ti egzanp kap ede w konprann konsèp ki enpòtan yo


Sou sit entènèt BigIdeasMath.com nan, w ap jwenn bagay say o:

- Yon glosè ki tradui nan plizyè lang
- Yon seri kat ki gen kesyon ak repons


<p>valè absoli Se distans ki genyen ant yon nonm epi 0 sou yon menm liy. Yo ekri valè absoli yon nonb a konsa a.</p> $ -5 = 5$ $ 5 = 5$	<p>ang egi Yon ang ki mezire mwens pase 90°.</p> 
<p>triyang egi Yon triyang ki gen tout ang li yo egi.</p> 	<p>pwopriyete adisyon ekwasyon Si w ajoute yon menm nonm nan chak kote yon ekwasyon, sa ap bay nesans ak yon ekwasyon ekivalan.</p> $x - 7 = -6$ $\begin{array}{r} + 7 \\ x - 7 = -6 \\ \hline x = 1 \end{array}$
<p>pwopriyete adisyon inegalite Si w ajoute yon menm nonm nan chak kote yon inegalite, inegalite an ap toujou vrè.</p> $x - 3 > -10$ $\begin{array}{r} + 3 \\ x - 3 > -10 \\ \hline x > -7 \end{array}$	<p>pwopriyete adisyon zero Sòm nenpòt nonm ak 0 bay menm nonm nan.</p> $-5 + 0 = -5$

ang

Yon figi ki fòme ak de vektè ki gen menm ekstremite.

**sifas**

Se tout sipèfisi yon figi okipe. Sifas mezire an inite kare tankou pye kare (ft²) oubyen an mètr kare (m²).



$$A = 5 \times 3 = 15 \text{ square units}$$

pwopriyete asosyatif adisyon ak multiplikasyon

Chanje fason adenn oubyen factè yo gwoupe pa chanje yon sòm oubyen yon pwodui.

$$(-3 + 4) + 5 = -3 + (4 + 5)$$

$$(-3 \cdot 4) \cdot 5 = -3 \cdot (4 \cdot 5)$$

mwayèn

Se yon sèl nonb ki dekri karakteristik tout yon seri done. Mwayèn se adisyon tout nonb ki fè pati seri done yo, divize pa kantite nonb ki gen nan done yo.

Gade mwayèn.

chèk san pwovizyon


Yon chèk san pwovizyon lè montan ki ekri sou chèk la pi gran pase balans ki disponib sou kont chèk la; yo rele l tou chèk retounen.

Date	Check #	Transaction	Credit	Debit	Balance
		Balance Forward			190.60
6/2/12	417	Clothing Store		69.95	120.65
6/3/12		Deposit Paycheck	370.54		491.19
6/3/12	418	Gas Company		52.37	438.82
6/5/12	419	Cell Phone Company		75.89	362.93
6/7/12	420	Car Payment		275.10	87.83
6/9/12	421	Water Company		93.75	-5.92
6/13/12		Deposit	100.00		94.08
6/14/12	422	Birthday Gift		25.00	69.08

Chèk #421 se yon chèk san pwovizyon.

graf ba

Yon graf ki montre done pa kategori. Longè baton yo itilize pou reprezante ak konpare done.


**baz (yon pisans)**

Yon nonm oubyen ekspresyon ki itilize kòm faktè nan yon multiplikasyon ki repete plizyè fwa.

Gade pisans.

graf bwat-ak-moustach

Yon kalite graf ki itilize katil pou montre ki jan yon seri done varye.



chekye

Yon dokiman kote yo enrejistre kredi ak debi nan yon kont.


Date	Check #	Transaction	Credit	Debit	Balance
5/17/12	998	Cell Phone Company		58.00	372.85
5/17/12	999	Car Payment		82.66	
5/18/12		Deposit Paycheck	501.50		
5/18/12	1000	Birthday Gift		41.28	

kont chèk

Sèvis yon enstitiyon finansyè ofri ki pèmèt ou depoze lajan nan yon kont epi ekri chèk pèsònèl pou itilize lajan ki sou kont la.


sèk

Tout pwen nan yon plan ki gen menm distans ak yon pwen ki rele sant.




graf sèk

Reprezante done yo tankou plizyè pati de yon ansanb. Sèk la reprezante tout done yo. Lè w fè adisyon tout ang nan yon graf an sèk li bay 360° .



sikonferans

Distans ki antoure yon sèk.



pwopriyete komitatif adisyon ak miltiplikasyon


Si w chanje lòd adenn oubyen faktè yo, sa pap chanje sòm nan ni pwodui a.

$$-2 + 8 = 8 + (-2)$$

$$-2 \cdot 8 = 8 \cdot (-2)$$

ang konplemantè

De ang kote sòm yo bay 90° .




figi konpoze

Yon figi ki konpoze ak triyang, kare, rektang, demise, ak lòt figi a de dimansyon



enterè konpoze

Enterè w genyen sou prensipal la ak sou lèt enterè w te genyen anvan.




Ou depoze \$200 nan yon kont epay. Kont la bay enterè 5% konpoze anyèlman. Konbyen balans la ap ye apre 6 zan?

$$B = 200(1 + 0.05)^6 \quad B \approx \$268.02$$


poligòn konkav

Yon poligòn ki genyen o mwen youn nan segman yo ki konekte nenpòt nan de pwent ekstèn ki nan pati eksteryè poligòn nan.




kòn

Yon solid ki genyen yon baz sikilè ak yon vètèks.



kongriyan


Lè yo gen menm dimansyon ak menm fòm.



$\angle A$ kongriyan ak $\angle F$.
Kote AB kongriyan ak FG .

ang kongriyan

Plizyè ang ki gen menm mezi.



kote kongriyan

Kote ki gen menm longè.

Gade triyang izosèl.

tèm konstan


Yon tèm ki gen yon nonb men ki pa gen varyab.

Nan ekspresyon $2x + 8$, tèm 8 la se yon tèm konstan.

domèn kontini

Yon seri antre ki fèt ak tout nonm ki nan yon entèval.

Tout nonm de 1 a 5.




faktè konvèsyon

Yon faktè ki egal a 1. Yon faktè konvèsyon sèvi pou konvèti inite.

$$1 \text{ mil} = 5280 \text{ pye}$$


poligòn konvèks

Yon poligòn kote chak segman konekte ak de pwent ki pati entèn poligòn nan.



plan koòdone

Yon plan koòdone fòm kote yon seri liy horizontal a nimewo, yo rele aks- x , rankontre ak yon seri liy vètikal a nimewo, yo rele aks $-y$.




kat de kredi

Yon kat ou itilize pou w ka peye yon acha pi ta.

kib

Yon pris rektangilè ak 6 fas kare kongriyan




elve okib

Lè w elve yon nonb okib ou leve a la pwisans twa.

2 okib siyifi 2^3 , oubyen 8.



silenn


Yon solid ki gen de baz ki paralèl, kongriyan e sikilè.




done

Enfòmasyon, ki souvan sou fòm nonb oubyen sou kèk reyalyite.

<p>kat debi</p> <p>Yon kat ki pèmèt ou retire lajan nan machin ATM oubyen pou peye acha nan magazen. Lajan an soti dirèkteman sou kont ou.</p>	<p>desimal</p> <p>Yon nonb ki ekri ak system ki gen dis kòm baz. Chak chif vo dis fwa chif ki a dwat li a.</p> <p>Desimal 2.15 reprezante 2 inite plis 1 dizyèm plis 5 santyèm, oubyen de ak kenz santyèm.</p>
<p>degre</p> <p>Yon inite ki sèvi pou mezire ang.</p> <p style="text-align: center;">$90^\circ, 45^\circ, 32^\circ$</p>	<p>dyamèt (yon sèk)</p> <p>Distans ant yon sèk ak sant li.</p> <p><i>Gade sikonferans.</i></p>
<p>diferans</p> <p>Rezilta soustraksyon yon nonm de yon lòt nonm</p> <p>Diferans 4 ak -3 is $4 - (-3)$, or 7.</p>	<p>varyasyon dirèk</p> <p>De kantite x ak y montre varyasyon dirèk lè $y = kx$, kote k se yon nonm epi $k \neq 0$.</p> <p>Graf la se yon liy ki pase nan orijin nan.</p> 
<p>domèn diskre</p> <p>Yon seri antre ki fòm sèlman ak kèk nonm nan yon entèval.</p> <p>Nonm antye relativ de 1 a 5.</p> 	<p>pwopriyete distribitif</p> <p>Pou multipliyè yon sòm oubyen yon diferans pa yon nonm, multipliyè chak nonm nan sòm oubyen diferans la pa nonm ki ant parantèz la. Apre sa, kalkile.</p> <p style="text-align: center;">$3(2 + 9) = 3(2) + 3(9)$</p> <p style="text-align: center;">$3(2 - 9) = 3(2) - 3(9)$</p>

<p>pwopriyete divizyon ekwasyon</p> <p>Si w divize chak kote nan yon ekwasyon pa yon menm nonm, sa ap bay yon ekwasyon ekivalan.</p> $4x = -40$ $\frac{4x}{4} = \frac{-40}{4}$ $x = -10$	<p>pwopriyete divizyon inegalite</p> <p>Si w divize chak kote nan yon inegalite pa yon menm nonm positif, inegalite ap rete vrè.</p> <p>Si w divize chak kote nan yon inegalite pa yon menm nonm negative, fòk ou chanje senbòl inegalite an pou inegalite an ka rete vrè.</p> $4x > -12 \qquad -5x > 30$ $\frac{4x}{4} > \frac{-12}{4} \qquad \frac{-5x}{-5} < \frac{30}{-5}$ $x > -3 \qquad x < -6$
<p>domèn</p> <p>Se vale tout antre ki nan yon fonksyon.</p> <p>For the ordered pairs Pou pè òdone (0, 6), (1, 7), (2, 8), ak (3, 9), domèn nan se 0, 1, 2, ak 3.</p>	<p>ekwasyon</p> <p>Yon fraz matematik ki itilize siy =, pou montre de ekspresyon egal.</p> $4x = 16, a + 7 = 21$
<p>triyang ekiangilè</p> <p>Yon triyang ki gen twa ang kongryan. Yon triyang ekiyangilè se yon triyang ekilateral tou.</p> <p><i>Gade triyang ekilateral.</i></p>	<p>triyang ekilateral</p> <p>Yon triyang ki gen twa kote kongryan. Yon triyang ekilateral se yon triyang ekiyangilè tou.</p> 
<p>ekwasyon ekivalan</p> <p>Ekwasyon ki gen menm solisyon.</p> $2x - 8 = 0 \text{ ak } 2x = 8$	<p>ekspresyon ekivalan</p> <p>Ekspresyon ki gen menm valè</p> $7 + 4, 4 + 7$ $(ab)^2, a^2b^2$

<p>estime</p> <p>Se yon solisyon apwoksimatif pou yon pwoblèm.</p> <p>Ou ka estime sòm $98 + 53$ kòm $100 + 50$, oubyen 150.</p>	<p>kalkile (yon ekspresyon aljebrik)</p> <p>Se chanje yon chak varyab nan yon ekspresyon aljebrik pa yon nonm. Apre sa se itilize lòd operasyon yo pou jwenn vale ekspresyon nimerik la.</p> <p>Kalkile $3x + 5$ lè $x = 6$.</p> $3x + 5 = 3(6) + 5$ $= 18 + 5$ $= 23$
<p>ekspezan</p> <p>Kantite fwa yon baz itilize kòm faktè nan yon multiplikasyon ki repete plizyè fwa.</p> <p><i>Gade pisans.</i></p>	<p>ekspresyon</p> <p>Yon fraz matematik ki gen nonb, operasyon, ak/oubyen varyab.</p> $12 + 6, 18 + 3 \times 4,$ $8 + x, 6 \times a - b$
<p>ang eksteryè</p> <p>Lè de liy paralèl koupe pa yon transversal, sa fòmè kat ang eksteryè an deyò liy paralèl yo.</p>  <p>$\angle 3, \angle 4, \angle 5,$ and $\angle 6$ se ang enteryè.</p> <p>$\angle 1, \angle 2, \angle 7,$ and $\angle 8$ se ang eksteryè.</p>	<p>faktè</p> <p>Lè nonm antye diferan de zero multiplye ansanm, chak nonm sa yo se yon faktè de pwodui a.</p> <p>$2 \times 3 \times 4 = 24$, konsa 2, 3, ak 4 se faktè de 24.</p>
<p>fòmil</p> <p>Yon ekwasyon ki montre kijan yon varyab relye ak youn ou plizyè lòt varyab.</p> <p>$A = \ell w$ se fòmil sifas yon rektang.</p>	<p>fraksyon</p> <p>Yon nonb ki sou fòm $\frac{a}{b}$, kote $b \neq 0$.</p> $\frac{1}{2}, \frac{5}{9}$

tablo frekans

Yon tablo ki sèvi pou konte konbyen fwa valè yo parèt nan yon entèval

Pè Soulye	Frekans
1–5	11
6–10	4
11–15	0
16–20	3
21–25	6


fonksyon

Yon relasyon ki mete dezade chak antre avèk egzaktaman yon Sòti.

Pè òdone (0, 1), (1, 2), (2, 4), e (3, 6) reprezante yon fonksyon.

Pè Òdone

(0, 1)
(1, 2)
(2, 4)
(3, 6)

Antre Sòti**fòm fonksyon**

Yon ekwasyon ki rezoud pou y sou fòm fonksyon.

$$y = -x + 1$$

règ fonksyon

Yon ekwasyon ki dekri relasyon ant antre ak Sòti yo.

Règ fonksyon “Sòti la vo mwens twa nan valè antre la” reprezante pa ekwasyon $y = x - 3$

graf yon inegalite

Yon graf ki montre tout solisyon yon inegalite sou yon liy gradye

$$x > -2$$


**salè brit**

Kantite lajan yon anplwaye genyen pandan yon period pèy.


Gade eta pewòl.

istogram

Yon graf an ba ki montre frekans done yo nan yon entèval ki gen menm distans la. Wotè yon ba reprezante frekans valè yo nan entèval la. Pa genyen espas ant ba yo.


**ipoteniz**

Kote nan yon triyang dwa ki opoze ak ang dwa a.



mezi endirèk

Itilize yon figi sanblab pou ede jwenn yon mezi ki manke e ki difisil pou jwenn dirèkteman.



$$\frac{x}{60} = \frac{40}{50}$$

$$60 \cdot \frac{x}{60} = 60 \cdot \frac{40}{50}$$

$$x = 48$$

Distans pou travèse rivyè a se 48 pye

endiktif

Tire konklizyon sou plizyè ka.

inegalite

Se yon fraz matematik ki konpare ekspresyon yo. Li gen senbòl sa yo $<$, $>$, \leq , oubyen \geq .

$$x - 4 < -14, x + 5 \geq -67$$

antre

Yon nonm ki se baz yon fonksyon.

Gade fonksyon

tab antre-Sòti

Yon tab ki montre lis Sòti yon fonksyon pou chak antre.

Antre, x	Sòti, y
1	3
2	4
3	5
4	6

prè a vèsman fiks

Yon prè ki ranbouse ak vèsman egal pandan tout dire prè a.

Yon prè oto se yon prè a ranbousman fiks.

nonb antye relatif



Ansanm nonb antye y ak opoze yo.

$$\dots -3, -2, -1, 0, 1, 2, 3, \dots$$

enterè


Lajan ou peye oubyen ou genyen akòz itilizasyon lajan an.

Gade enterè senp.

<p>chaj enterè Se rezilta to enterè yon kat de kredi ak yon balans jounalye mwayen sou kat de kredi a.</p>	<p>ang enteryè Lè de liy paralèl koupe pa yon transversal, gen kat ang enteryè ki fòme anedan liy paralèl yo.</p> <p><i>Gade triyang eksteryè.</i></p>
<p>operasyon envès Operayon ki opoze youn ak lòt, tankou adisyon ak soustraksyon epi multiplikasyon ak divizyon.</p>	<p>nonb irasyonèl Yon nonm ki pa ka ekri kòm rapò de nonm antye relatif.</p> <p style="text-align: center;">$\pi, \sqrt{14}$</p>
<p>triyang izosèl Yon triyang ki gen pou pi piti de kote kongryan.</p> <div style="text-align: center;">  </div>	<p>janm De kote yon triyang dwa ki fòme ang dwa a.</p> <p><i>Gade ipoteniz.</i></p>
<p>tèm sanblab Tèm ki gen yon pati nan varyab yo ki idantik.</p> <p style="text-align: center;">4 ak 8, 2x ak 7x</p>	<p>liy Yon seri pwen ki pwolonje san fen nan de direksyon opoze.</p> <div style="text-align: center;">  </div>


graf an liy

Yon kalite graf ki montre kijan done yo change avèk le tan.




liy ki pi reprezantatif

Yon liy nan yon graf ki rapwoche de preske tout pwen done yo. Li ka sèvi pou estime done nan yon graf.



graf an liy

Yon kalite graf ki montre konbyen fwa chak vale prezan nan yon seri done.



segman


Pati nan yon liy ki fèt ak de pwen yo rele limit, epi tout pwen ki sou liy la ki nan mitan limit yo.



ekwasyon lineyè


Yon ekwasyon kote graf li se yon liy.

$y = x + 1$



fonksyon lineyè

Yon fonksyon ki gen yon nivo chanjman konstan. Graf yon fonksyon lineyè se yon liy.



ekwasyon literal

Yon ekwasyon ki genyen de oubyen plis varyab.





$2y + 6x = 12$




prè

Yon lajan w prete pandan yon sèten tan.

Ou fè yon prè \$10,000 pou peye frè kolèj.

<p>dyagram fonksyon Yon fason pou reprezante yon fonksyon.</p> <div style="text-align: center;"> <table border="0"> <tr> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin-right: 10px;">Antre</td> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px;">Sòti</td> </tr> <tr> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">1</td> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">3</td> </tr> <tr> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">2</td> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">4</td> </tr> <tr> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">3</td> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">5</td> </tr> <tr> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">4</td> <td style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">6</td> </tr> </table> </div>	Antre	Sòti	1	3	2	4	3	5	4	6	<p>mwayèn Sòm tout eleman kin an yon seri done divize pa nonm done ki nan seri a.</p> <p>Mwayèn seri 7, 4, 8, ak 9 se</p> $\frac{7 + 4 + 8 + 9}{4} = \frac{28}{4} = 7.$
Antre	Sòti										
1	3										
2	4										
3	5										
4	6										
<p>mezi tandans santral Yon mezi ki reprezante sant seri done yo.</p> <p>Mwayèn, medyan ak mòd se mezi tandans santral.</p>	<p>medyàn Pou yon seri done ki gen yon kantite nonm enpè, medyàn nan se nonm ki o milye done yo. Pou yon seri done ki gen yon kantite nonm pè, medyàn nan se mwayèn de nonm ki o milye yo.</p> <p>Medyàn seri done 24, 25, 29, 33, 38 se 29 paske 29 se valè ki o milye a.</p>										
<p>system metrik Sistèm desimal pou pran mezi, baze sou pwisans 10, ki gen inite de longè, kapasité ak mas</p> <p style="text-align: center;">santimèt, mè, lit, kilogram</p>	<p>mòd Nonm ki repete pi souvan nan yon seri done. Yon seri done ka gen youn oubyen plizyè mòd.</p> <p>Mòd seri done 3, 4, 4, 7, 7, 9, 12 se 4 ak 7 paske yo repete pi souvan.</p>										
<p>ipotèk Yon prè a ranbousman fiks itilize pou achete yon kay.</p> <p>Pèman ipotèk ou pa mwa se \$850.</p>	<p>pwopriyete miltiplikasyon zero ak en Miltiplikasyon nenpòt nonm ak 0 bay zero. Miltiplikasyon nenpòt nonm ak 1 bay menm nonm nan.</p> $-5 \cdot 0 = 0$ $-6 \cdot 1 = -6$										

<p>pwopriyete multiplikasyon ekwasyon</p> <p>Lè w multipliyè chak kote nan yon ekwasyon pa menm nonm nan, sa bay yon ekwasyon ekivalan.</p> $-\frac{2}{3}x = 8$ $-\frac{3}{2} \cdot \left(-\frac{2}{3}x\right) = -\frac{3}{2} \cdot 8$ $x = -12$	<p>pwopriyete multiplikasyon inegalite</p> <p>Si w multipliyè chak kote nan yon inegalite pa yon menm nonm pozitif, inegalite an ap toujou vrè.</p> <p>Si w multipliyè chak kote nan yon inegalite pa yon menm nonm negative, direksyon senbòl inegalite an dwe chanje pou inegalite an toujou vrè.</p> $\frac{x}{2} < -9$ $2 \cdot \frac{x}{2} < 2 \cdot (-9)$ $x < -18$ $\frac{x}{-6} < 3$ $-6 \cdot \frac{x}{-6} > -6 \cdot 3$ $x > -18$
<p>nonb negatif</p> <p>Yon nonm ki pi piti pase 0.</p> <p>-0.25, -10, -500</p>	<p>salè nèt</p> <p>Valè lajan yon anplwaye recevwa apre yo fin retire tout dediksyon.</p> <p><i>Gade pewòl.</i></p>
<p>fonksyon non-lineyè</p> <p>Yon fonksyon ki pa genyen yon nivo chanjman konstan. Graf yon fonksyon non-lineyè pa yon liy.</p> 	<p>liy gradye</p> <p>Yon liy lote pwen yo asosye ak nonm yo ki vin pi gran de goch a dwat.</p> 
<p>ang obti</p> <p>Yon ang ki mezire pliz pase 90° et pi piti pase 180°.</p> 	<p>triyang obti</p> <p>Yon triyang ki genyen yon ang obti.</p> 

<p>òd operasyon</p> <p>Se lòd kid we respekte pouf è kalkil ekspresyon ki gen plis pase yon operation.</p> <p>Pou kalkile $5 + 2 \times 3$, ou fè multiplikasyon an avan adisyon an.</p>	<p>pè òdone</p> <p>De nonb (x, y) ki itilize pou lokalize yon pwen nan yon plan koòdone. Premye nonm nan se koòdone-x, epi dezyèm nan se koòdone-y.</p>  <p>Koòdone x- pwen $(-2, 1)$ se -2, e koòdone y- se 1.</p>																																																															
<p>orijin</p> <p>Pwen ki reprezante pa pè òdone $(0, 0)$, kote aks-x rankontre aks-y la nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Gade plan koòdone.</i></p>	<p>devyan ekstrèm</p> <p>Yon done ki nètman pi gran oubyen pi piti pase lòt valè yo.</p> <p>Nan ansanm done 23, 42, 33, 117, 36, e 40, devyan ekstrèm nan se 117.</p>																																																															
<p>Sòti</p> <p>Yon nonm ki pwodwi apre evalyasyon yon fonksyon lè w itilize yon antre.</p> <p><i>Gade fonksyon</i></p>	<p>paralèl (liy)</p> <p>De liy nan yon menm plan ki pa rankontre.</p> <p>De liy paralèl gen menm pant.</p> 																																																															
<p>paralelogram</p> <p>Yon kwadrilatè ki gen de kote paralèl ki egal.</p> 	<p>fich pewòl</p> <p>Yon dokiman ki montre salè brit yon anplwaye, dediksyon yo epi salè nèt li.</p> <table border="1" data-bbox="912 1633 1453 1774"> <thead> <tr> <th colspan="3">NAME</th> <th>PAY ENDING</th> <th>PAY DATE</th> <th>DEPARTMENT</th> <th>NET PAY</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td colspan="3">Sally Wong</td> <td>05/04/12</td> <td>05/04/12</td> <td>103</td> <td>623.58</td> </tr> <tr> <th colspan="7">EARNINGS STATEMENT</th> </tr> <tr> <th>HOURS</th> <th>RATE</th> <th>AMOUNT</th> <th colspan="4">PAYROLL TAX WITHHELD</th> </tr> <tr> <td>72</td> <td>11.25</td> <td>810.00</td> <td>FEDERAL</td> <td>SOC. SEC.</td> <td>HEALTH INS.</td> <td>401K</td> </tr> <tr> <td></td> <td></td> <td></td> <td>75.90</td> <td>48.21</td> <td>32.40</td> <td>18.63</td> </tr> <tr> <th colspan="7">YEAR TO DATE</th> </tr> <tr> <td>YTD GROSS PAY</td> <td>GROSS PAY</td> <td>FEDERAL</td> <td>SOC. SEC.</td> <td>HEALTH INS.</td> <td>MEDICARE</td> <td>401K</td> </tr> <tr> <td>7290.00</td> <td>810.00</td> <td>683.10</td> <td>433.89</td> <td>291.60</td> <td>101.52</td> <td>167.67</td> </tr> </tbody> </table>	NAME			PAY ENDING	PAY DATE	DEPARTMENT	NET PAY	Sally Wong			05/04/12	05/04/12	103	623.58	EARNINGS STATEMENT							HOURS	RATE	AMOUNT	PAYROLL TAX WITHHELD				72	11.25	810.00	FEDERAL	SOC. SEC.	HEALTH INS.	401K				75.90	48.21	32.40	18.63	YEAR TO DATE							YTD GROSS PAY	GROSS PAY	FEDERAL	SOC. SEC.	HEALTH INS.	MEDICARE	401K	7290.00	810.00	683.10	433.89	291.60	101.52	167.67
NAME			PAY ENDING	PAY DATE	DEPARTMENT	NET PAY																																																										
Sally Wong			05/04/12	05/04/12	103	623.58																																																										
EARNINGS STATEMENT																																																																
HOURS	RATE	AMOUNT	PAYROLL TAX WITHHELD																																																													
72	11.25	810.00	FEDERAL	SOC. SEC.	HEALTH INS.	401K																																																										
			75.90	48.21	32.40	18.63																																																										
YEAR TO DATE																																																																
YTD GROSS PAY	GROSS PAY	FEDERAL	SOC. SEC.	HEALTH INS.	MEDICARE	401K																																																										
7290.00	810.00	683.10	433.89	291.60	101.52	167.67																																																										

pousantaj

Yon to ki gen 100 pou denominatè. Senbòl pousantaj la se %.

$$40\% = \frac{40}{100} = 0.4$$

kare pafè

Yon nonb ki gen antye relativ kòm rasin kare li.

16, 25, 81

perimèt


Distans toutotou yon figi. Perimèt mezire an inite lineyè tankou pye (ft) oubyen mètr (m).



$$\text{Perimèt} = 18 + 6 + 18 + 6 = 48 \text{ ft}$$


liy pèpandikilè

Liy ki entèsekte nan ang dwat.



piktograf

Yon graf ki itilize foto oubyen senbòl pou montre done.



plan


Yon sifas plat ki etann nan tout direksyon san fen.



pwen

Yon pozisyon nan lespas ki reprezante pa yon ti wonn.

poligòn

Yon plan fèmèn ki fèt ak twa liy oubyen plis e ki rankontre sèlman nan ekstremitè yo.



<p>nonb pozitif Yon nonb ki pi gran pase 0.</p> <p>0.5, 2, 100</p>	<p>puisans Yon pwodui plizyè faktè ki repete.</p> <div style="text-align: center;">  </div>
<p>Prim faktorisasyon Yon nonb antye ki ekri kòm pwodui prim nonb.</p> <p>Prim faktorisasyon 60 se $2 \times 2 \times 3 \times 5$.</p>	<p>prensipal Yon kantite lajan prete oubyen depoze.</p> <p>Ou depoze \$200 nan yon kont ki fè 4% enterè senp. Prensipal la se \$200.</p>
<p>pris Yon polyèd ki gen de baz parallel, kongriyan. Lòt fas yo se paralelogram.</p> <div style="text-align: center;">  </div>	<p>pwodui Rezilta ou jwenn lè w multipliyè de nonb oubyen plis.</p> <p>Pwodui 4 ak -3 se $4 \times (-3)$, oubyen -12.</p>
<p>pwopriyete pwodui puisans Pou multipliyè puisans pa menm baz la, ajoute ekpozan yo.</p> $3^7 \times 3^{10} = 3^{7+10} = 3^{17}$	<p>pwopriyete pwodui rasin kare $\sqrt{xy} = \sqrt{x} \cdot \sqrt{y}$, kote $x, y \geq 0$</p> $\sqrt{4 \cdot 3} = \sqrt{4} \cdot \sqrt{3} = 2\sqrt{3}$


pwopòsyon

Yon ekwasyon ki deklare de rapò ekivalan.

$$\frac{3}{4} = \frac{12}{16}$$


rapòte

Yon enstriman yo sèvi pou mezire ang.



piramid


Yon polyèd ki gen yon baz. Lòt fas yo se triyang.



teyorèm pitagoryen

Nan nenpòt triyang, sòm longe janm yo okare egal longè ipoteniz la okare

$$a^2 + b^2 = c^2$$



$$5^2 + 12^2 = 13^2$$

pitagoryen otrip

Yon ansanm twa antye relativ pozitif, *a*, *b*, ak *c*, kote $a^2 + b^2 = c^2$.

Paske $3^2 + 4^2 = 5^2$, 3, 4, and 5 se yon Pitagoryen otrip.


kadran

kat rejyon ki kreye akòz entèseksyon aks- *x* avèk aks- *y* nan yon plan koòdone.

Gade plan koòdone

kwadrilatè

Yon poligòn ki gen kat kote.






katil

Yo sèvi ak katil pou divize yon ansanm done an kat pati egal. Medyàn nan (dezyèm katil) divize ansanm done yo an de mwatye. Medyàn mwatye ki pi ba a se premye katil la. Medyàn mwatye ki pi wo a se twazyèm katil.


Gade grafik bwat-e-moustach.

<p>kosyan Rezilta yon divizyon.</p> <p>Kosyan 10 ak -5 se $10 \div (-5)$ oubyen -2.</p>	<p>kosyan pwopriyete puisans Pou divize puisans pa menm baz la, soustrè ekspozan yo.</p> $\frac{9^7}{9^3} = 9^{7-3} = 9^4$
<p>kosyan Pwopriyete Rasin Kare Lè $x \geq 0$ e $y > 0$, rasin kare yon kosyan egal a kosyan rasin kare nimeratè a ak denominatè a.</p> $\sqrt{\frac{7}{9}} = \frac{\sqrt{7}}{\sqrt{9}} = \frac{\sqrt{7}}{3}$	<p>siy radikal Se senbòl $\sqrt{\quad}$ ki sèvi pou reprezante yon rasin kare.</p> $\sqrt{25} = 5$ $-\sqrt{49} = -7$ $\pm\sqrt{100} = \pm 10$
<p>radikan Nonb ki anba yon siy rasin kare.</p> <p>Radikan $\sqrt{25}$ se 25.</p>	<p>reyon (yon sèk) Distans soti nan sant yon sèk a nenpòt pwen sou sèk la.</p> <p><i>Gade sikonferans.</i></p>
<p>gam Ansanm tout vale Sòti yon fonksyon.</p> <p>Pou pè òdone (0, 6), (1, 7), (2, 8), e (3, 9), gam nan se 6, 7, 8, e 9.</p>	<p>entèval (yon ansanm done) Diferans ant pi gran valè ak pi piti valè yon ansanm done. Entèval la dekri kijan done yo epapiye.</p> <p>Entèval ansanm done 12, 16, 18, 22, 27, 35 se $35 - 12 = 23$.</p>


<p>vitès</p> <p>Yon rapò de kantite avèk inite diferan.</p> <p>Ou li 3 liv chak 2 semèn.</p>	<p>rapò</p> <p>Yon konparezon de kantite pa mwayen yon divizyon.</p> <p>Rapò a sou (b kote $b \neq 0$) kapab ekri kòm a sou b, $a : b$, oubyen $\frac{a}{b}$.</p> <p>4 sou 1, $4 : 1$, oubyen $\frac{4}{1}$</p>
<p>nonb rasyonèl</p> <p>Yon nonb yo kapab ekri kòm rapò de nonb antye relatif, $\frac{a}{b}$, kote a ak b se nonb antye relatif e $b \neq 0$.</p> <p>$3 = \frac{3}{1}$, $-\frac{2}{5} = \frac{-2}{5}$</p> <p>$0.25 = \frac{1}{4}$, $1\frac{1}{3} = \frac{4}{3}$</p>	<p>reyon</p> <p>Pati yon liy ki gen yon pwen final epi etann san fen nan yon direksyon.</p> 
<p>nonb reyèl</p> <p>Ansanm nonb rasyonèl ak nonb irasyonèl.</p> <p>$4, -6.5, \pi, \sqrt{14}$</p>	<p>resipwòk</p> <p>De nonb ki gen 1 kòm pwodui.</p> <p>Paske $\frac{4}{5} \times \frac{5}{4} = 1$, $\frac{4}{5}$ ak $\frac{5}{4}$ se resipwòk.</p>
<p>rektang</p> <p>Yon paralelogram ki gen kat ang dwat.</p> 	<p>pris rektangilè</p> <p>Yon figi a twa dimansyon ki gen 6 kote rektangilè.</p> 

poligòn regilye


Yon poligòn ki gen kote kongriyan e ang kongriyan.

**ang dwat**

Yon ang ki mezire 90° .

**triyang rektang**

Yon triyang ki gen yon ang liy.

**elevasyon**

Chanjman nan y ant de pwen sou yon liy.

Gade pant.

awondi

Fè apwoksimasyon yon nonb a yon valè nimerik espesifik.

132 awondi an dizyèm ki pi pre a se 130.

varyasyon

Chanjman nan x ant de pwen sou yon liy.

Gade pant.


taks sou lavant

Yon kantite lajan adisyonèl gouvènman an chaje sou atik pou l ka antre lajan.

Yon taks lavant 6% sou yon atik ki vann \$20 se $\$20 \times 0.06 = \1.20 .

dyagram epapiye

Yon graf ki montre relasyon ki genyen ant de ansanm done ki sèvi ak pè òdone nan yon plan koòdone.



notasyon syantifik

Yon nonb ekri an notasyon syantifik lè li reprezante kòm pwodui yon faktè e yon puisans 10. Faktè a dwe omwen 1 e pi piti pase 10.


$$8.3 \times 10^4$$

$$4 \times 10^{-3}$$

figi sanblab


Figi ki gen menm fòm men pa nesèsman menm gwosè.

De figi sanblab si longè kote korespondan yo pwopòsyonèl, e ang korespondan yo gen menm mezi.




triyang sanblab

Triyang ki gen menm fòm men ki pa nesèsman gen menm gwosè.



enterè senp


Lajan peye oubyen genyen sèlman sou prensipal la.



Ou mete \$200 nan yo kont. Kont la fè 5% enterè senp pa ane. Enterè ou genyen apre 3 an se $\$200 \times 0.05 \times 3$, oubyen \$30. Balans kont lan se $\$200 + \$30 = \$230$ apre 3 ane.

wotè enklinezon (yon kòn)

Distans soti nan pwent yon kòn rive nan nenpòt pwen sou kan baz li.




pant

Yon rapò chanjman nan y (elevasyon an) sou chanjman nan x (varyasyon an) ant de pwen sou yon liy.

Se mezi redè yon liy.


$$\text{Pant} = \frac{\text{Chanjman nan } y}{\text{Chanjman nan } x} = \frac{\text{elevasyon}}{\text{aryasyon}}$$



fòm pou entèsèpte-pant

Yon fonksyon lineyè ekri sou fòm $y = mx + b$. Pant liy la se m e entèsèp-y liy nan se b .


Pant lan se 1 e entèsèp-y la se 2.












solid




Yon figi twa-dimansyon.


Gade figi twa-dimansyon.

<p>solisyon yon ekwasyon lineyè Tout pwen ki sou yon liy.</p>	<p>solisyon yon sistèm ekwasyon lineyè Yon pè òdone ki fè chak ekwasyon nan yon sistèm lineyè vin vre.</p> <p><i>Gade sistèm ekwasyon lineyè.</i></p>
<p>solisyon (yon ekwasyon) Yon valè ki fè ekwasyon an vre.</p> <p>6 se solisyon ekwasyon $x - 4 = 2$.</p>	<p>solisyon yon inegalite Yon vale ki fè yon inegalite vrè.</p> <p>Solisyon inegalite $x + 3 > -9$ se $x = 2$.</p>
<p>ansanm solisyon Ansanm tout solisyon yon inegalite.</p>	<p>kare Yon paralelogram ki gen kat ang dwa epi kat kote ki gen menm longè.</p> 
<p>rasin kare Yon nonb lè w multipliyè li pa li menm, li egal nonb ki bay la.</p> <p>De rasin kare 100 se 10 ak -10.</p>	<p>elve okare Yon nonb elve okare se yon nonb elve nan pisans de.</p> <p>5 okare vle di 5^2, oubyen 25.</p>

<p>fòm estanda</p> <p>Yon ekwasyon lineyè ki ekri sou fòm $ax + by = c$, kote a ak b toude pa zero.</p> $-2x + 3y = -6$	<p>dyagram tij-ak-fèy</p> <p>Yon tip prezantasyon rezilta egzamen done ki sèvi ak chif dapre valè yo nan done pou òganize yon ansanm done. Chak valè yon done divize an yon tij (chif la oubyen chif yo ki sou goch) e yon fèy (chif la oubyen chif yo ki sou bò dwat).</p> <table border="1"> <thead> <tr> <th></th> <th>tij</th> <th>fèy</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>6</td> <td>6</td> <td>6</td> </tr> <tr> <td>7</td> <td>2</td> <td>7</td> </tr> <tr> <td>8</td> <td>1 1 3 4 4 6 8 8</td> <td></td> </tr> <tr> <td>9</td> <td>0 0 0 2 7 8</td> <td></td> </tr> <tr> <td>10</td> <td>0</td> <td></td> </tr> </tbody> </table> <p>kle: 9 4 = 94 pw en</p>		tij	fèy	6	6	6	7	2	7	8	1 1 3 4 4 6 8 8		9	0 0 0 2 7 8		10	0	
	tij	fèy																	
6	6	6																	
7	2	7																	
8	1 1 3 4 4 6 8 8																		
9	0 0 0 2 7 8																		
10	0																		
<p>ang pla</p> <p>Yon ang ki mezire 180°.</p> 	<p>pwopriyete soustraksyon ekwasyon</p> <p>Si w fè soustraksyon yon menm nonm tou le de kote yon ekwasyon, de kote yo ap toujou rete egal.</p> $\begin{array}{r} x + 10 = -12 \\ - 10 \quad - 10 \\ \hline x = -22 \end{array}$																		
<p>pwopriyete soustraksyon inegalite</p> <p>Si w fè soustraksyon yon menm nonm tou le de kote yon inegalite, inekwasyon an ap toujou vrè.</p> $\begin{array}{r} x + 7 > -20 \\ - 7 \quad - 7 \\ \hline x > -27 \end{array}$	<p>sòm</p> <p>Rezilta adisyon de oubyen plizyè nonm.</p> <p>Sòm -4 ak 3 se $-4 + 3$, oubyen -1.</p>																		
<p>ang siplemanchè</p> <p>De ang ki gen total ang yo egal 180°.</p> 	<p>sipèfisi (yon pris)</p> <p>Sòm sifas tout fas yon pris.</p> $\begin{aligned} S &= 2\ell w + 2\ell h + 2wh \\ &= 2(3)(5) + 2(3)(6) + 2(5)(6) \\ &= 30 + 36 + 60 \\ &= 126 \text{ in.} \end{aligned}$ 																		

<p>sipèfisi yon solid sòm espas ki andeyò sifas yon solid. Sòm sifas eksteryè solid la.</p>  <p>Surface area = $2\pi r^2 + 2\pi rh$ $\approx 904.32 \text{ mm}^2$</p>	<p>sistèm ekwasyon lineyè Yon ansanm de ou plis ekwasyon lineyè nan menm varyab.</p> <p>$y = 2x + 3$ $y = -x + 6$</p> <p>Solisyon an se (1, 5).</p> 
<p>tèm (yon anpren) Valè tan yon anpren dire.</p> <p>Tèm ipotèk ou se 30 an.</p>	<p>mozayik Yon modèl repetitif figi plan kongriyan ki kouvri konplètman yon plan san pa gen tou ni yonn monte sou lòt.</p> 
<p>teyorèm Yon règ nan matematik.</p> <p>Teyorèm Pitagò</p>	<p>figi twa-dimansyon Yon figi ki gen longè, lajè, ak pwofondè, yo rele yo tou solid.</p> 
<p>transvèsal Yon liy ki entèsepte de liy ou plis.</p> 	<p>trapèz Yon kwadrilatè ki gen egzakteman de kote paralèl.</p> 

<p>triyang Yon poligòn ki genyen twa kote.</p> 	<p>sistèm yo sèvi Ozetazini Sistèm mezi ki gen inite longè, kapasite, ak pwa.</p> <p>pous, pye, lit, galon, ons, liv</p>
<p>varyab Yon senbòl, dabitid yon lèt, ki reprezante nimewo youn oubyen plis.</p> <p>x se yon varyab $2x + 1$.</p>	<p>tèm varyab Yon tèm ki gen yon varyab.</p> <p>nan ekspresyon $2x + 8$, tèm $2x$ se yon tèm varyab.</p>
<p>vètèks yon poligòn Yon pwent kote de kote yon poligòn rankontre. Pliryèl vertex se vertices.</p> <p><i>Gade poligòn.</i></p>	<p>ang vètikal Ang ki opoze youn ak lòt lè de liy entèsekte. Ang vètikal yo kongriyan.</p> 
<p>volim Mezi kantite espas yon figi twa-dimansyon okipe. Yo mezire volim an inite kibik tankou pye kib, mèt kib (m^3).</p>  <p>Volume = $12 \cdot 3 \cdot 4 = 144 \text{ ft}^3$</p>	<p>nonb antye Nonb 0, 1, 2, 3, 4, ...</p>

<p>aks-x</p> <p>Liy nimewote orizontal nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Gade plan koòdone.</i></p>	<p>koòdone-x</p> <p>Premye koòdone nan yon pè òdone, ki endike konbyen inite pou deplase agoch oubyen adwat.</p> <p>Nan pè òdone $(3, 5)$, koòdone-x la se 3.</p>
<p>entèsèp-x</p> <p>Koòdone-x yon pwen kote yon liy kwaze aks-x.</p> 	<p>aks-y</p> <p>Liy nimewote vètikal nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Gade plan koòdone.</i></p>
<p>koòdone-y</p> <p>Dezyèm koòdone nan yon pè òdone, ki endike konbyen inite pou w monte oubyen pou w desan.</p> <p>Nan pè òdone $(3, 5)$, koòdone-y se 5.</p>	<p>entèsèp-y</p> <p>Koòdone-y pwen kote yon liy kwaze aks-y.</p> <p><i>Gade entèsèp-x.</i></p>